Bhaibheri re vana
Rikukupai

Mwanakomana akarasika



Rakanyorwa ndiani: Edward Hughes

Rakafanidzirwa ne: Lazarus

Rakatorwa na: Ruth Klassen; Sarah S.

Rwakashandurwa na: Tendai Mugova

Rakabudiswa na: Bible for Children
www.M1914.org

©2015 Bible for Children, Inc.
Mitero: Une mvumo yekutora nyaya iyi kana usinganotengesi chete.

Jesu aifarira kutaurira vanhu kuti Mwari akanga achida kuvaregerera.

Asi vatungamiri vakapopota nokuda kweushamwari hwake navatadzi.

Zvino Jesu akavaudza nyaya nhatu dzairatidza kuti Mwari anofara kana vatadzi vakakumbira ruregerero.

Nyaya
yokutanga
yakanga iri
pamusoro
peumwe murume
akanga
aine
hwai
zana.

Hwai
imwe chete
yakarasika.

Mufudzi akasiya dzimwe
hwai achienda kundotsvaka imwe yakanga yarasika.

Mufudzi akatsvaga kwose kusvika awana gwai rakanga rarasika. Akaritakura
pamapfudze ake ndokudzokera kumba.

Akaudza
shamwari
dzake kuti,
“Pemberai
neni nokuti
ndawana gwai
rimwe chete
rakanga
rarasika.”

Jesu akataura kuti
kana kudenga
kunova
nemufaro
mukuru
kana munhu
mumwe
chete
achinge
atendeuka.

Kutendeuka kunoreva kuti munhu anenge aine urombo nezvitadzo zvake, urombo unoita kuti aregere kutadza.

Nyaya yepiri yaJesu yakanga iri pamusoro pemukadzi akanga aine masirivha makumi, zvichida akanga ari ose akachengeta.

Akarasikirwa
nesirivha
rimwe chete.

Tsvai! Tsvai! Tsvai!
Mukadzi akatsvaga
kwese.

Zvisinei, akawana sirivha rake akava nomufaro mukuru.

Unofunga kuti akaita sei? Hongu, akaudza shamwari dzake dzose.

Zvakare
Jesu
akati, “Kune
mufaro mukuru
pakati pengirozi
dzaMwari kana
munhu mumwe
chete
atendeuka.”

Nyaya yaJesu yechitatu yakanzwisa tsitsi kwazvo. Yakanga iri pamusoro peumwe mukomana akasiya imba yababa vake.

Mukomana akaenda kunyika yakanga iri kure akanodya mari yake. Zvino akanga achaita sei?

Mukomana akanga achafa nenzara nokuti makore enzara akatevera.

Achitsvaga zvokudya, mukomana akawana basa rokuchengeta nguruve. Zvichida akadya chikafu chenguruve.



Zvisinei mukomana akafunga akati, “Ndodzokera kumba nokuti kana vashandi vanodya zviri nani pane zvandirikudya.”



“Ndinodzokera kumusha ndinokumbira baba vangu kuti vandiregerere. Handikodzere kuva mwana wavo.

Zvichida
vanokwanisa
kundipa basa
somushandi
wavo.”

Asati asvika kumba, baba vake vakamuona achiuya.

Vakafara chaizvo kuona mwana wavo achidzoka. Vakamutsvoda vachibva vamumbundira mumaoko avo.

Mukomana akataura achiti, “Baba ndakatadza. Naizvozvo, handikodzeri kuva mwana wenyu.”

Mukomana akanga achida kukumbira baba vake kuti vamuite mushandi wavo.

Asi baba vakatanga kutaura vakati, “Hunzai nguwo yakanaka neshangu dzokuti ndipe mwana wangu. Gadzirirai mabiko makuru.”

Vakaita mabiko makuru nokuti mwana akanga arasika akanga awanikwa.

Jesu akataura nyaya iyi nokuti yakaratidza kuti Mwari anofarira kugamuchira vatadzi vanotendeuka vachiuya kwaari.

Mwanakomana akarasika

Nyaya yeshoko raMwari, Bhaiberi

Inowanikwa mu

Ruka 15

“Mazwi enyu anotipa kuchena.”
Mapisarema 119:130

Magumo

Nyaya dze mu Bhaibheri dzinotiwudza zvekushamisa kwaMwari Musiki wedu uyo anoda kuti umuzive.

Mwari anoziva kuti tese takaita zvakaipa, izvo zvaanoti zvitema. Mubairo wechitema ndirwo rufu, asi Mwari anokuda kwazvo, akatuma mwana wake, Jesu, kukufira pamuchinjikwa uye akatambudziwa nemhaka yako. Jesu akafa akumuka, akadzokera kumusha kudenga! Kana uchitenda muna Jesu uye ukakumbira kuregererwa anokuregerera zvitema zvako, Anokuregerera! Achauya kuzogara mumoyo mako. Achagara mauri. newe ugogara maari mazuva namazuva.

Kana uchitenda kuti ichi ichokwadi, taura kuna Mwari uchiti Mudiwa Jesu, ndinotenda kuti ndimi Mwari, uye makauya semunhu panyika kuzofira zvitema zvangu, uye murikurarama. Huyai mumoyo mangu mundiregere zvitema zvangu, kuti ndive heupenyu hutsva, uye nerimwe zuva ndigogara nemi nekusingaperi. Ndibatsirei kuti ndikuteererereyi, ndirarame semwana wenyu. Ameni.

Verengayi Bhaibheri nekutaura ne Mwari mazuva ese. Johane 3:16